

Aplikasyon pou Eksepsyon oubyen rediksyon prim MassHealth



Retounen fòmilè sila bay :

MassHealth Customer Service, Attn: Premium Billing, PO Box 219, Quincy, MA 02171-0219

Pou gen yon eksepsyon poutèt difikilte finansyè nan prim MassHealth ou yo, ou gen pou w satisfè youn nan difikilte finansyè ki make annapre a epi bay MassHealth prèv sou difikilte finansyè ou a. Eksepsyon poutèt difikilte finansyè valab pou 12 mwa. Si prim ou an anile, ou p ap resevwa fakti pou prim pandan peryòd difikilte ki apwouve a.

Dat li kòmanse a pa ka plis pase twa mwa anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon pou eksepsyon ou an. Si w vle poze kesyon sou sa oubyen si w bezwen yon nouvo aplikasyon pou eksepsyon poutèt difikilte finansyè, sonnen tanpri sèvis kliyantèl MassHealth la nan (800) 841-2900 (TDD / TTY : 711, pou moun ki soud, gen difikilte pou tande, oubyen ki gen andikap pou pale).

ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN

Non fanmi	Prenon	Paraf dezyèm prenon
MassHealth ID	Telefòn lajounen	
Adrès kay		
Vil	Eta	Kòd postal

DETAY SOU DIFIKILTE FINANSYÈ OU A

Tanpri, make tout kare ki koresponn avèk difikilte finansyè ekstrèm ou an oubyen sa fanmi w lan.

- Mwen gen plis pase 30 jou reta nan peman lwaye oubyen ipotèk mwen an, resevwa avi pou ekspilasyon, oubyen mwen sanzabri. (Tanpri, kòm prèv, voye yon kopi tout dokiman pwopriyete kay ou a, dokiman bank oubyen konpayi ki prete w lajan pou achte kay la, oubyen dokiman tribinal.)
- Mwen resevwa yon avi nan men konpayi sèvis piblik (gaz, kouran, luil, dlo, oubyen telefòn) ki di y ap koupe sèvis yo, youn oubyen plis nan sèvis piblik mwen yo koupe, youn oubyen plis nan konpayi sèvis piblik mwen yo p ap founi m sèvis poutèt mwen pa ka peye. (Si w gen ansyen fakti sèvis piblik ki pa peye, men yo pa ka dekonekte w poutèt ou gen yon andikap oubyen nou nan sezon ivè, make seksyon sa a. Kòm prèv, voye tanpri yon kopi avi sèvis piblik la voye ki di yo pral koupe sèvis la oubyen ansyen fakti ou pa peye.)
- Mwen gen gwo fakti medikal epi / oubyen dantè ki peye oubyen pa peye pou douz mwa anvan m voye aplikasyon pou eksepsyon sa a. Fakti sa yo plis pase 7.5% revni brit anyèl mwen an. Fakti yo gendwa pou mwen oubyen pou yon fanmi pwòch (tèlke yon pitit oubyen yon konjwen). Health Safety Net oubyen okenn lòt asirans sante, sa gen ladan MassHealth, pa ka peye yo. (Voye tanpri kopi fakti medikal sa yo kòm prèv.)
- Nan dènye sis mwa yo, mwen te gen yon gwo ogmantasyon ki pa t prevwa nan depans debaz yo. (Nan seksyon kòmantè a, di nou tanpri de tout frè sa yo epi voye prèv sou montan an.)
- Mwen soufri yon difikilte ekonomik nan sis mwa anvan dat mwen voye aplikasyon sila pou eksepsyon an, oubyen sa ap rive nan sis mwa apre yo, poutèt yon ijans sante piblik oubyen yon dezaz eta a oubyen gouvènman federal deklare.

Nan fen 12 mwa eksepsyon poutèt difikilte a, ou ka mande pou yon lòt eksepsyon poutèt difikilte si w kwè ou toujou admisib pou li.

KOMANTÈ (Si w bezwen plis plas, sèvi tanpri avèk yon fèy papye apa.)

Mwen sètifye mwen li oubyen te fè yon moun li ban mwen enfòmasyon ki make sou aplikasyon sa a. Mwen konprann dwa e responsablite mwen yo. M sètifye sou pèn e penalite fo sèman ke tout enfòmasyon ki nan fòmilè aplikasyon sila e sou tout dokiman ki ajoute se enfòmasyon ki kòrèk e konplè dapre konesans mwen yo.

Si w ap ajè onon yon moun pou ranpli fòmilè a, ou dwe deziyen nan sistèm òdinatè nou an kòm yon Reprèzantan otorize. Si sa pa fèt, se pou w ranpli yon fòmilè Deziyasyon reprèzantan otorize (Authorized Representative Designation, ARD) e retounen l ansanm avèk aplikasyon sila.

Lè w siyen oubyen reprèzantan otorize ou a siyen fòmilè aplikasyon sa a ou sètifye enfòmasyon ki nan fòmilè sila se enfòmasyon ki kòrèk e konplè dapre konesans ou yo.

Siyati manm lan

Dat la

Siyati reprèzantan otorize

Dat la